



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE NOUVO PWOVIZYON POU JISTIS ANVIWÒNMANTAL POU PWOGRAM PRÈ NAN ENFRASTRIKTI DLO ETA A

Li priyorize konsiderasyon enpak sou kominote yo ki akable yon fason dispwopòsyonèl akòz polisyon ak defi anviwònmantal yo

Pwopozisyon plan itilizasyon yo anvizaje a tap asire tretman ekitab pou tout kominote yo; pwojè enfrastrikti dlo yo avèk avantaj pou jistis anviwònmantal ta kapab resevwa prè ki gen zewo enterè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a chanjman yo pwopoze nan zouti finansman yo ke New York rann disponib pou minisipalite yo ki pral priyorize zòn Jistis Anviwònmantal (Environmental Justis) yo pou pwojè enfrastrikti dlo yo. Chanjman yo tap ede adrese inegalite istorik kominote ki gen revni fèb ak kominote koulè yo ap fè fas ki te pote fado enpak anviwònmantal ki pi grav yo. Resous sa yo pral rezoud pwoblèm aktyèl nan enfrastrikti dlo yo epi anpeche lòt pwoblèm alavni nan rann plis minisipalite elijib pou èd finansye ki bon ekonomikman ki pèmèt yo sipòte pwojè dlo pwòp ak potab enpòtan yo.

"Tout moun, gen ladan gouvènman Eta ak lokal yo, genyen obligasyon pou repanse fason mezi nou yo kapab kreye enpak anviwònmantal negatif ki afekte yon fason dispwopòsyonèl kominonte ki gen revni fèb epi ki defavorize yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pryorize kominote Jistis Anviwònmantal yo pou resous sa yo pral ede minisipalite yo ranvèse defi finansye yo ki anpeche yo asire ke chak Nouyòkè genyen aksè ak dlo ki an sekirite pou yo bwè epi ki pwòp pou rekreyasyon."

Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) Eta New York la, an kowoperasyon avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) a, jere Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) pou bay prè ki gen zewo enterè ak enterè fèb yo pou sipòte pwojè enfrastrikti dlo ak dlo potab ki enpòtan nan tout Eta a. Pwojè sa yo gen ladan yo konstriksyon egou yo, izin tretman dlo ize yo, rezèvwa estokaj dlo yo, sistèm distribisyon dlo yo, ak sistèm tretman dlo yo pou pwoteje anviwònmant an ak sante piblik la.

Eta a ap revize a ap revize pwogram CWSRF ak DWSRF yo pou ajoute konsiderasyon anplis pou kominote ki gen revni fèb ak kominote koulè yo ki te akable istorikman akòz polisyon ak defi anviwòmantal yo epi li pral rann èd finansye ki gen zewo enterè disponib pou plis zòn ki desèvi rezidan kominote Jistis Anviwòmantal yo. Chak ane EFC a pibliye bwouyon Plan Itilizasyon yo Anvizaje (Intended Use Plans, IUP) yo pou revizyon ak kòmantè piblik ki bay enfòmasyon sou pwogram fon prè renouvlab New York la. IUP yo gen ladan tip èd finansye ki disponib yo, sous yo ak itilizasyon sou chak fon nan Fon Woulman Eta (State Revolving Fund, SRF) a, epi idantifye pwojè enfrastrikti yo ki elijib pou èd finansye nan Ane Fiskal Federal (FFY) 2021.

Bwouyon IUP 2021 yo gen ladan revizyon pou estimile amelyorasyon enfrastrikti dlo yo nan kominote Jistis Anviwòmantal yo. Pwojè ki benesye prensipalman kominote Jistis Anviwòmantal yo tap elijib pou finansman ki gen zewo enterè an akò ak Politik Osterite (Hardship Policies) SRF la. Anplis de sa, nan kòmansman Ane Fiskal Federal 2021 an, yo pral egzije tout minisipalite ki ap chèche èd finansye SRF la pou finance pwojè enfrastrikti dlo yo a pou yo konsidere enpak pwojè yo pwopoze yo sou kominote Jistis Anviwòmantal yo nan kad rapò sou enjeniri ki obligatwa yo a.

EFC a te pibliye tou Politik Osterite SRF yo ki amande pou kòmantè piblik la ki pral pèmèt kominote yo gen aksè ak finansman ki gen zewo enterè pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo yo. Minisipalite yo ki pa tap elijib otreman pou finansman Osterite pral elijib si pwojè yo a desèvi, pwoteje, oswa benefisye yon kominote Jistis Anviwòmantal. Yon enjenyè pwofesyonèl endepandan ki se yon tyès pati tap revize pwojè enfrastrikti dlo yo pwopoze a ki pral gen ladan yon evalyasyon sou Enjeniri Valè (Value Engineering) pwojè a pou detèmine sizoka depans yo kapab redwi san sakrifye kalite pwojè a epi konfime ke omwen 50 pousan depans pwojè a oswa anplè pwojè a desèvi, pwoteje, oswa benefisye yon zòn Jistis Anviwòmantal yo idantifye. Lè yo konfime, yon minisipalite pral elijib pou finansman ki gen zewo enterè pou egzekite pwojè a. Kondisyon mache aktyèl yo endike kominote yo ta kapab ekonomize apwoksativman 27 pousan sou kondisyon finansman an.

Prezidan Konsèy EFC ak Komisè DEC a, Basil Seggos, te deklare, "Konbat efè chanjman klimatik yo, nan bay dlo potab pwòp, nan amelyore kalite lè, oswa nan repara enfrastrikti se jis kèk nan fason Eta nou an kontinye dirije nan pwomouvwa pi bon kominote pou tout moun. Gouvènè Cuomo te kontinye demontre angajman li a pou priyorize Jistis Anviwòmantal nan tout divès pwogram ak inisyativ yo ke New York genyen disponib pou benefisye kominote yo ak anpeche nenpòt enjistis potansyèl alavni".

Prezidan pwovizwa EFC a, Ofisyè Egzekitif an Chèf al Avoka Jeneral Maureen Coleman, te deklare, "Eta New York ap jere pi gwo pwogram Fon Woulman Eta a nan nasyon an. Pwogram sa yo bay plis pase 1.5 milya dola chak ane nan minisipalite Eta yo pou sipòte enfrastrikti dlo ki enpòtan yo. Anons sa a reprezante yon etap enpòtan an avan nan asire ke Fon Woulman New York la sipòte kominote ki pi defavorize Eta a yo".

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, "Paske asire disponibilite dlo potab pwòp pou tout kominote New York yo se yon gwo priorite sante piblik pou Eta a, nou te adopte resaman nòm ki estrik ak san presedan pou Asid Pèfliyowooktanoyik (Perfluorooctanoic acid, PFOA) ak Asid Pèfliyowooktanesilfonik (Perfluorooctanesulfonic acid, PFOS) ak 1,4-dyoksàn, rès polisyon endistriyèl ki gen plizyè deseni yo nan zòn ki lajman defavorize yo. Priorize fon yo pou amelyore enfrastrikti dlo potab ak dlo ize yo nan kominote Jistis Anviwòmantal yo pral bay minisipalite sa yo yon menm chans nan adrese defi sa yo pandan nou ap avanse avèk ajanda sante piblik ak sante anviwòmantal agresif New York la".

EFC a ak DOH la pral òganize yon seminè anliy pou revize Bwouyon IUP CWSRF ak DWSRF pou ane 2021 yo epi li ap reponn ak kesyon patisipan yo mèkredi 19 out, 2020 an a 10 AM. EFC ak DOH la pral òganize yon odyans piblik konjwen vityèl pou aksepte kòmantè piblik yo sou bwouyon IUP yo mèkredi 2 septanm 2020 an, apati 2 PM. Yo dwe soumèt kòmantè alekri sou Bwouyon IUP yo pou pita a 5 PM, lendi 21 septanm, 2020. Yo kapab jwenn pwopozisyon yo, reyinyon, odyans, ak detay soumisyon kòmantè yo nan: <https://www.efc.ny.gov/>

Angajman Gouvènè a pou dlo pwòp te demontre pi resaman avèk adopsyon nòm dlo potab ki se premye nan nasyon an pou nouvo kontaminan 1,4-Dyoksàn lan, sa ki fikse nivo kontaminan maksimòm lan nan 1 pati pa milya (part per billion, ppb) pou 1,4-Dyoksàn. Gouvènè a te anonse tou nivo kontaminan maksimòm pou nouvo kontaminan asid pèfliyowoktanik/pèfliyowoktanat (perfluorooctanoic acid/perfluorooctanoate, PFOA) ak asid silfonik pèfliyowoktàn yo/silfonat pèfliyowoktàn (perfluorooctane sulfonic acid/perfluorooctane sulfonate, PFOS) nan dlo potab New York, ki pami pi ba nan Etazini pou PFOA ak PFOS nan 10 pati pa trilyon (parts per trillion, ppt). Finansman an te gen ladan 3.5 milya dola pou pwoteksyon kalite dlo nan tout New York atravè Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act) la ak 1 milya dola nan bidjè annapre yo, 350 milyon dola ke yo akòde atravè Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement Act) a, ak 60 milyon dola nan Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Dlo Entèminisipal (Intermunicipal Water Infrastructure Grants Program) pami lòt investisman pou pwojè yo nan tout Eta a. Yo soulinye angajman kontini pou Jistis Anviwòmantal New York la nan Lwa sou Lidèchip Klima ak sou Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) a, ki motive investisman nan solisyon enèji pwòp tankou efikasite enèji ak estokaj enèji ewolyèn, solè epi asire ke omwen 40 pousan nan investisman enèji pwòp yo ap benefisye kominote ki defavorize epi ki gen revni fèb rive nan modere yo. Resaman, [yo te rann 10.6 milyon dola disponib](#) pou ede Nouyòkè defavorize yo jwenn aksè ak enèji pwòp, bon mache, ak fyab, nan kad yon inisyativ [Gouvènè a te anonse mwa pase a](#) pou akselere adopsyon veyikil elektrik, yo ap alwe 206 milyon dola nan 701 milyon dola a pou kominote sosyo-ekonomik fèb epi ki defavorize yo rebati estasyon rechaj ak enfrastrikti pou veyikil elektrik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)